

Gouvènè Carney repwograme Primè Prezidansyèl la pou 7 jiyè

Tout votè ki kalifye nan Delaware pral resevwa aplikasyon bilten vòt an absans yo pa lapòs

WILMINGTON, Del. – Gouvènè John Carney te siyen nan Jedi a [kenzyèm modifikasyon](#) nan Deklarasyon Dijans nan Eta a, li te repwograme Primè Prezidansyèl pou 7 Jiyè a. Depatman Eleksyon ki nan Delaware an pral voye aplikasyon pou bilten vòt an absans yo pa lapòs- bay tout Demokrat ak Repibliken ki anrejistre nan Eta Delaware a, pou ka bay tout votè yo ki anrejistre ak ki kalifye nan Delaware òpòtinite pou y al vote ak bilten vòt kòm yon absan nan eleksyon prezidansyèl primè a.

Nan dènye aktyalizasyon pou òdonans li a Gouvènè Carney fòmalize tou [yon mezi pwovizwa ki te anonse Madi a](#), k ap pèmèt kèk nan ti biznis yo rekòmanse opere nan yon limit apatide 8:00 è dimaten nan vandredi 8 me a.

[Li dènye aktyalizasyon sou òdonans Gouvènè Carney a.](#)

“Gouvènè Carney te deklare ke: Delawareans gen yon dwa fondamantal debaz pou yo vote, epi chanjman sa yo pral pèmèt tout votè nan Delaware egzèse dwa sa a san danje. “N ap fè pwogrè. Delawareans yo te ede plati koub la lè yo te rete lakay yo ak pratike distans sosyal lè yo nan piblik. Men, batay sa a poko ap fini Pa soti nan piblik san nesosite, epi mete yon twal pou kouvri figi w lè ou fè sa. Wash your hands often. Delawareans should stay vigilant, and stay informed at de.gov/coronavirus.”

Yo pral pèmèt votè ki kalifye yo nan Delaware pou yo chwazi si yo “malad” oswa “yo andikape fizikman tanporèman oswa pèmanan” ki se opsyon k ap sou bilten vòt an absan pa lapòs pou yo ka vote nan eleksyon prezidansyèl primè a, menmsi yo pa gen okenn sentòm COVID-19 la. Votè yo dwe retounen aplikasyon an nan Depatman Eleksyon Delaware oswa ranpli pwosesis la [sou liy entènèt](#) la pou yo ka resevwa yon bilten vòt an absans. Pral gen sis biwo vòt nan chak konte ki pral omwen opere nan Depatman Eleksyon Delaware a pou pèmèt votè yo vote an pèsòn si yo ta chwazi pou yo pa vote pa vwa lapòs.

Gouvènè Carney nan òdonans li nan Jedi a te repwograme tou eleksyon Komisyon Konsèy Lekòl yo pou 21 jiyè, ak ajoute plis kondisyon sou minisipalite ki ap fè eleksyon yo. Nan òdonans lan li ekzije pou distri ak minisipalite a ranfòse distans sosyal la pandan eleksyon yo, mande pou kouvri figi yo, epi limite foul moun a 10 oswa mwens moun nan biwo vòt yo.

Gouvènè Carney nan deklarasyon pou Ijans nan Eta a – enkli yon [òdonans pou rete-lakay-ou](#) ak yon [karantèn obligatwa pou 14 jou](#) pou vwayajè ki pa t nan eta a – rete nan plas yo ak soutni fòs ak efè ki nan lwa a. Vyolasyon nan òdonans yo, oswa [nenpòt nan modifikasyon li yo](#), konstitye a yon zak kriminel.

Nenpòt moun ki gen yon kesyon sou COVID-19 la, kèlkeswa wi ou non ki gen rapò ak bezwen pou sèvis medikal oswa sosyal, ta dwe rele Delaware 2-1-1; oswa 7-1-1 pou moun ki soud oswa ki mal pou tandè Oswa tèks kòd postal ou a nan 898-211. Orè pou ouvri yo ap kòmanse nan 8 a.m. a 9 p.m. Lendi jiska vandredi; 9 a.m. a 5 p.m. Samdi ak Dimanche.

Ou ka soumèt kesyon yo tou pa imèl nan DPHCall@delaware.gov.

DPH pral kontinye mete piblik la ajou ofiamezi ke enfòmasyon ap vinn disponib. Pou dènye enfòmasyon sou repons nan Delaware a, ale nan de.gov/coronavirus.

###